**Pou Piblikasyon Imedya:** 01/07/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO REPÒTE FAZ TWA ESPAS POU MANJE ANDEDAN AN NAN VIL NEW YORK**

***Li etann kritè tès yon nan tout Eta a pou tout Nouyòkè yo***

***Li kreye Depatman Aplikasyon Eta a pou konplete aplikasyon lokal yo***

***Li renouvle apèl pou Prezidan Trump pote yon mask***

***Li rekonèt sis gwo Detayan yo ki egzije kliyan yo pote kouvèti pou figi nan tout magazen yo a nan tout nasyon an***

***1,1 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif***

***11 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

***Konfime 625 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 394,079; gen nouvo ka nan 39 Konte***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke re-ouvèti espas pou manje andedan Vil New York yo, ki te fè pati orijinèlman de antre Faz Twa yo te prevwa nan vil New York la 6 jiyè a, pral repòte kòm Eta yo nan tout peyi a ki te re-ouvri espas pou manje andedan yo ap eksperimante ogmantasyon nan ka COVID-19 yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York pral etann kritè pou tès li yo pou tout Nouyòkè yo nan tout Eta a. New York te reyalize plis tès pa tèt moun pase nenpòt gwo peyi nan monn lan epi kounye a li gen kapasite pou etann kritè tès yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Eta New York pral kreye yon depatman aplikasyon pou konplete aplikasyon lokal direktiv ak restriksyon pou COVID-19 yo.

Gouvènè a te renouvle tou apèl li a bay Prezidan Trump lan pou li pote yon mask.

Gouvènè a te deklare tou sis gwo detayan ap egzije kliyan yo pote kouvèti pou figi pandan yo ap achte nan magazen yo a nan tout nasyon an, gen ladan: Costco, C-Town, Gristedes and D'Agostino, Stop & Shop, Tops ak Whole Foods.

"Nou pral repòte faz twa sou espas pou manje andedan yo pou Vil New York jiskaske done yo chanje epi li pridan pou nou ouvri. Pou kounye a, li pa pridan. Sa se yon modifikasyon Vil New York sèlman paske franchman sa se yon pwoblèm ki plis pwononse nan Vil New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Rejyon Kapital la jodi a ale nan faz kat. Tout chif yo bon nan tout Eta a, men nou dwe rete dilijan ak pridan espesyalman kounye a ke nou ap wè nyaj tanpèt la alorizon nan lòt Eta yo. Otreman nou pral wè to enfeksyon an monte nan New York epi okenn moun pa vle retounen nan lanfè ke nou te eksperimante a."

Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Rejyon Kapital la antre nan Faza Kat re-ouvèti a jodi a. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwen done itil toujou disponib nan forward.ny.gov.

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 879 (-12)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 71 (-1)
- **Lopital Konte yo** - 29
- **Kantite ICU** - 226 (+9)
- **Kantite ICU yo te mete nan tib respiratwa yo** - 139 (+2)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 70,590 (+103)
- **Kantite Lanmò** - 11
- **Kantite Lanmò Total** - 24,866

Sou 56,710 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 625, oswa 1,1 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

| REJYON | DIMANCH | LENDI | MADI |
|---|---|---|---|
| New York City | 1.00% | 1.00% | 1.10% |
| Capital Region | 0.50% | 0.30% | 1.00% |
| Central New York | 0.50% | 1.40% | 1.40% |
| Finger Lakes | 0.70% | 1.00% | 1.50% |
| Long Island | 0.70% | 1.10% | 1.10% |
| Hudson Valley | 0.60% | 1.00% | 0.80% |
| Mohawk Valley | 2.20% | 0.90% | 1.40% |
| North Country | 0.40% | 0.00% | 0.40% |
| Southern Tier | 0.60% | 0.40% | 0.70% |
| Western New York | 0.80% | 1.30% | 1.30% |

Gouvènè a te konfime tou 625 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 394,079 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 394,079 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 2,112 | 10 |
| Allegany | 61 | 2 |
| Broome | 722 | 6 |
| Cattaraugus | 123 | 0 |
| Cayuga | 119 | 4 |
| Chautauqua | 127 | 0 |
| Chemung | 144 | 3 |
| Chenango | 146 | 0 |
| Clinton | 101 | 0 |
| Columbia | 466 | 2 |
| Cortland | 47 | 0 |
| Delaware | 91 | 0 |
| Dutchess | 4,213 | 6 |
| Erie | 7,337 | 45 |
| Essex | 42 | 0 |
| Franklin | 31 | 1 |
| Fulton | 257 | 1 |
| Genesee | 238 | 0 |
| Greene | 260 | 0 |
| Hamilton | 6 | 0 |
| Herkimer | 162 | 3 |
| Jefferson | 88 | 2 |
| Lewis | 30 | 0 |
| Livingston | 130 | 1 |
| Madison | 357 | 0 |
| Monroe | 3,780 | 38 |
| Montgomery | 118 | 0 |
| Nassau | 41,853 | 46 |
| Niagara | 1,237 | 3 |
| NYC | 215,475 | 296 |
| Oneida | 1,642 | 15 |
| Onondaga | 2,863 | 21 |
| Ontario | 265 | 6 |
| Orange | 10,730 | 7 |
| Orleans | 281 | 0 |
| Oswego | 201 | 4 |
| Otsego | 84 | 0 |
| Putnam | 1,329 | 3 |
| Rensselaer | 555 | 2 |
| Rockland | 13,602 | 12 |
| Saratoga | 550 | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| Schenectady | 805 | 5 |
| Schoharie | 58 | 0 |
| Schuyler | 13 | 1 |
| Seneca | 70 | 1 |
| St. Lawrence | 219 | 0 |
| Steuben | 268 | 2 |
| Suffolk | 41,427 | 42 |
| Sullivan | 1,452 | 1 |
| Tioga | 143 | 0 |
| Tompkins | 177 | 0 |
| Ulster | 1,782 | 1 |
| Warren | 263 | 0 |
| Washington | 246 | 0 |
| Wayne | 174 | 4 |
| Westchester | 34,866 | 28 |
| Wyoming | 95 | 0 |
| Yates | 46 | 0 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU